# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍǴI

## Xalıq bilimlendiriw sistemasında "Baslanǵısh tálim" pán aylıǵın ótkeriw haqqında

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2020-jıl 13-avgusttaǵı "Xalıq bilimlendiriw tarawında úzliksiz metodikalıq xızmet kórsetiw jumısların jáne de rawajlandırıw haqqında"ǵı "183-sanlı buyrıǵında belgilengen wazıypalardı ámelge asırıw maqsetinde **buyıraman:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw tarawında 2021-jıldıń sentyabr ayı "Baslanǵısh tálim" pán aylıǵı dep belgilensin.

2. "Baslawısh tálim" pán aylıǵın shólkemlestiriw boyınsha Isshi topar quramı 1-qosımshaǵa, pán aylıǵı sheńberinde Kishi olimpiada ótkeriw Rejesi 2-qosımshaǵa, Is-ilajlar rejesi 3-qosımshaǵa, "Baslanǵısh tálim" metodistleriniń úlgili "Ashıq sabaq" ótiw kestesi 4-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

4. Respublikalıq bilimlendiriw Orayı (Q.Jubanov)na:

bilimlendiriw mákemelerinde oqıw-tárbiya barısınıń sıpatın, pán muǵallimleriniń pedagogikalıq sheberligin asırıw, olardıń qábiletlerin júzege shıǵarıw, oqıtıwda qollanılıp atırǵan zamanagóy metodlardı anıqlaw hám oqıw-tárbiya barısındaǵı nátiyjelerin úyreniw hám olardı Respublika kóleminde en jaydırıw;

"Baslanǵısh tálim" pán aylıǵın kóterinki ruwxta ótkeriw, ámelge asırılǵan jumıslardı ǵalaba xabar quralları arqalı keń túrde járiyalap barılıwın támiyinlew;

klastan hám mektepten tıs jumıslardıń oqıw barısı menen úzliksizligin támiyinlew;

pán aylıǵın tiyisli tártipte bilimlendiriw mákemelerinde karantin qádelerine qatań ámel etken halda shólkemlestiriw;

muǵallim hám oqıwshılardıń dóretiwshilik birge islesiwin shólkemlestiriw wazıypaları júkletilsin.

5. Barlıq rayon(qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólim baslıqlarına hám Respublikalıq boysınıwdaǵı bilimlendiriw mákemeleri direktorlarına:

joqarıda kórsetilgen tapsırmalardı óz múddetinde orınlanıwın támiyinlnew hám ámelge asırılǵan jumıslar boyınsha usı jıldıń 4-otkyabr sánesine shekem Respublikalıq bilimlendiriw Orayına maǵlıwmat beriw wazıypası tapsırılsın.

6. Ministrliktiń Málimleme xızmeti (T.Dauletmuratov)ne pán aylıǵı sheńberinde ámelge asırılǵan unamlı jumıslardı sociallıq tarmaqlar arqalı keń túrde járiyalap barıw usınıs etilsin.

7. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalaw ministrdiń birinshi orınbasarı w.w.a. Q.Bekbawlievqa tapsırılsın.

**Ministr** **R.Reimov**

Nókis qalası,
2021-jıl 17 -sentyabr
208 -sanlı

3-qosımsha

**«Baslawısh bilim-shaxsqa qádem» atamasında Respublikalıq kórik-tańlaw ótkeriw boyınsha is-ilaj Rejesi**

| № | Ótkeriletuğın ilajlar | Ótkeriliw ornı hám basqıshı | Múddeti | Qatnasıwshılar | Juwapker |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Ana tilinde tálimdi jetilistiriw hám pánler ara integraцiyanı támiyinlew maqsetinde "Sıyqırlı dúniya"kərkemlep oqıw tańlawı | I-II-basqısh | SHereklik | 2-4-klass oqıwshıları | rayon(qala) lıq XBB |
| 2 | "Meniń úyim" tańlawı | I-II-basqısh | SHereklik | 2-4-klass oqıwshıları | rayon(qala) lıq XBB |
| 3 | "Kishkene matematik" matematika páninen ziyrek oqıwshılardı tańlaw | I-II-basqısh | SHereklik | 2-4-klass oqıwshıları | rayon(qala) lıq XBB |
| 4 | "Eń sulıw qol jazba" diktantlar tańlawı | I-II-basqısh | SHereklik | 2-4-klass oqıwshıları | rayon(qala) lıq XBB |
| 5 | Baslawısh klass oqıwshıları arasında "Óz qollarımız benen" temasında kərgizbeler | I-II-basqısh | SHereklik | 2-4-klass oqıwshıları | rayon(qala) lıq XBB |
| | "Kishkene dəretiwshi" ertek, gúrriń jaratıw. | I-II-basqısh | SHereklik | 2-4-klass oqıwshıları | rayon(qala) lıq XBB |
| 3 | "Jas shaxmatshı" | I-II-basqısh | SHereklik | 2-4-klass oqıwshıları | rayon(qala) lıq XBB |

4-qosımsha

Rayon(qala) xalıq bilimlendiriw bólimleri "Baslanğısh tálim" metodistleriniń úlgili "Ashıq sabaq" ótiw kestesi

| № | Metodist | Waqtı | Tema | Páni | Telefon |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |